



APÈSI SOU LWA YO

Ki Pwoteje TOUT Travayè nan Eta New York

Fèy enfòmasyon sa a se yon apèsi sou lwa nan Eta New York ki pwoteje w kòm yon travayè. Depatman Travay Eta New York, ki sipèvize lwa sa yo, pwoteje TOUT travayè yo kont vòl salè, kèlkeswa estati imigrasyon yo. Si w ap travay nenpòt kote nan Eta New York, menm si w pa gen papyè, yon imigran oswa yon moun k ap chèche azil, lalwa pwoteje w. Nan eta nou an, patwon yo DWE bay salè minimòm pa èdtan ak benefis adisyonèl ki endike pi ba a.

SALÈ MINIMÒM OBLIGATWA

Tout travayè yo gen dwa pou resevwa omwen yon salè minimòm pou chak èdtan travay. Sa gen ladann travayè fasfoud yo, travayè salon bote yo, travayè ki resevwa tep yo, ak plis ankò, kèlkeswa estati imigrasyon an.

KOTE	SALÈ MINIMÒM (APATI 01/01/2026)	ANPLWAYE SÈVIS KI JWENN TEP YO* (APATI 01/01/2026)	TRAVAYÈ SÈVIS MANJE KI JWENN TEP YO* (APATI 01/01/2026)
Vil New York	\$17.00/èdtan	\$14.15 Salè Kach \$2.85 Kredi pou Tip	\$11.35 Salè Kach \$5.65 Kredi pou Tip
Long Island & Westchester	\$17.00/èdtan	\$14.15 Salè Kach \$2.85 Kredi pou Tip	\$11.35 Salè Kach \$5.65 Kredi pou Tip
Rès Eta New York la	\$16.00/èdtan	\$13.30 Salè Kach \$2.70 Kredi pou Tip	\$10.70 Salè Kach \$5.30 Kredi pou Tip

Lwa Eta New York pèmèt anplwaye yo nan kèk endistri tankou otèl yo, restoran ak sèvis fè e livrezon manje yo konbine avèk sa patwon an peye si travayè an fè ase tep nan men kliyan yo. Pa egzanp, yon restoran nan Vil New York ta ka peye \$11.35 pa èdtan (yo rele “salè lajan kach”) si anplwaye a fè an mwayèn omwen \$5.65 chak èdtan nan tep pou jou sa a (“kredi tep”). **Travayè sèvis manje yo** enkli anplwaye sèvè, baman yo ak pèsonèl netwaye ak debarase tab. Sa PA enkli travayè livrezon yo. **Anplwaye sèvis ki resevwa tep yo** se lòt travayè, tankou sèvis pakin restoran ak menajè yo, ki dabitid resevwa tep.

Tout lòt travayè ki pa nan endistri Ospitalite yo, ki gen ladan moun ki nan salon bote ak kote yo lave machin, asistan sèvis pakin ak kwafè DWE touche salè minimòm total la, menm si yo resevwa tep.

LÈ SIPLEMANTÈ

Pifò anplwaye yo dwe touche yon fwa edmi miltipliye pa salè yo peye pou chak èdtan travay apre 40 èdtan nan yon semèn.

PERYÒD MANJE YO

Anplwayè nan Eta New York yo dwe bay tout anplwaye poz pou manje, apre yo travay yon sèten kantite èdtan. An jeneral, patwon yo dwe bay omwen 30 minit poz ki pa peye si yon anplwaye travay plis pase 6 èdtan.

FREKANS PEMAN

Lwa Eta New York la egzije pou travayè manyèl yo touche chak semèn, e travayè biwo ak lòt travayè yo omwen de fwa pa mwa.

AVI POU ANPLWAYE YO

Patwon yo oblije bay anplwaye yo avi sa yo:

- Deklarasyon salè (fich peman) ak chak peman salè yo
- Avi Peman, avi sou salè peman ak jou peman ansanm ak enfòmasyon sou èdtan ak benefis tankou konje, asirans, elatriye.
- Avi Revokasyon, ki se yon avi alekri yo bay yon anplwaye nan senk jou ouvrab aprè revokasyon li

KONJE MALADI PEYE

Tout travayè sektè prive (ki pa gouvènman) nan Eta New York kouvri anba lwa konje maladi ak sekirite eta a. Sa vle di ou gen kapasite pou pran konje si ou malad. Kantite tan epi si li peye oswa pa peye depann de gwosè

biznis ou travay pou li a. Travayè nan tout kalite travay yo pwoteje, menm moun k ap travay a tan pasyèl oswa sezonye.

VANJANS KONT TRAVAYÈ YO

Rapòte yon pwoblèm potansyèl oswa yon aktivite ilegal sou patwon w ka parèt efreyan, men patwon yo pa ka pini w paske w fè nou konnen vyolasyon lwa travay ou oswa si w bay Depatman Travay la enfòmasyon. Si w rapòte yon vyolasyon, anplwayè w pa gen dwa: revoke w, koupe salè w oswa èdtan w, relocalize w nan yon lòt kote oswa desann grad ou. Si yo menase pou yo pran aksyon, rapòte w, depòte w oswa nenpòt lòt bagay, tout sa yo ilegal.

KONPANSASYON TRAVAYÈ

Si ou blese oswa vin malad akòz travay la dirèkteman, gen èd pou ou. Eta New York mande pou patwon yo bay chak travayè asirans konpansasyon travayè, kèlkeswa estati sitwayènte ak/oswa imigrasyon. Nan ka yon aksidan oswa yon maladi ki gen rapò ak travay, asirans sa a peye pou swen medikal epi li bay ranplasman salè pasyèl si ou pa kapab travay (oswa touche mwens) akòz aksidan w lan oswa maladi. Ou ka aprann plis lè w vizite wcb.ny.gov oswa rele **877-632-4996**. Gen sèvis asistans lang gratis ki disponib si w ta renmen enfòmasyon nan yon lòt lang ki pa Anglè.

DEPOZE YON PLENT

Depatman Travay la ede kolekte salè yo dwe travayè ki poko resevwa salè minimòm lan, yon fwa yo depoze yon reklamasyon avèk nou.

SALÈ KI POKO PEYE YO

- Patwon w lan pa t peye w pou tout èdtan travay yo
- Chèk salè w la te rejte paske pa t gen ase lajan
- Ou pa t resevwa tout tep ou yo
- To salè ou te bese san avètisman alavans

SIPLEMAN SALÈ KI PA PEYE YO

- Patwon w lan te pwomèt ou (vèbal oubyen alekri), men li pa t bay peman vakans, peman jouy ferye, bonis, elatriye.

SALÈ MINIMÒM/LÈ SIPLEMANTÈ

- Patwon w lan te peye w mwens pase salè minimòm lan.
- Patwon w lan pa t peye salè lè siplemantè pou èdtan travay plis pase 40 èd tan nan yon semèn.

BAGAY KI PA NAN SALÈ YO

- Patwon w lan pa t bay peryòd poz ki obligatwa a, jou repo, fich peman, avi sou peman, peman salè alè, oswa te pran yon aksyon negatif kont ou paske w te bay yon plent.

FÒMILÈ PLENT YO

dol.ny.gov/LS223-doc

SOU MÈT FÒM PLENT KONPLÈ YO NAN:

**NYS DOL, Division of Labor Standards
State Office Campus
Building 12, Room 185B
Albany, NY 12226**

Si w bezwen plis asistans pou pote plent ou a, tanpri rele:
1-888-469-7365.